

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nyaéta cara nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikanana. Métode anu digunakeun dina panalungtikan bisa mangrupa angkét, wawancara, obsérvasi, ngalakukeun tés, jeung dokuméntasi (Arikunto, 2013, kc. 203). Dina ieu panalungtikan métode anu digunakeun nyaéta métode déskriptif analisis. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3), métode déskriptif analisis dipaké pikeun nalungtik hiji kondisi, kaayaan, atawa hal-hal séjén, nu hasilna ditulis dina wangun laporan.

Salian ti métode, unggal panalungtikan pasti ngagunakeun hiji pamarekan. Dina ieu panalungtikan dipaké pamarekan kualitatif nu objékna sastra. Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 345), pamarekan kualitatif ngahasilkeun pamanggih anyar mangrupa déskripsi atawa gambaran hiji objék nu saacanna masih samar-samar tuluy sabada ditalungtik jadi leuwih jelas. Saluyu jeung pamadegan Sukmadinata (2015, kc. 60) yén pamarekan kualitatif miboga udagan pikeun ngagambarkeun (*to describe*), maluruh (*to explore*), jeung ngajéntrékeun (*to explain*). Ku kituna, ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif anu ngagunakeun métode déskriptif analisis pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis struktur jeung babandingan dina carita *Lutung Leutik* karya Ki Umbara jeung *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi, anu saterusna dianalisis motif indéksna.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rancangan kagiatan nu bakal dilaksanakeun mangrupa gambaran léngkah-léngkah dina panalungtikan ti mimiti tatahar nepi ka jadi hasil panalungtikan. Anapon desain dina ieu panalungtikan saperti di handap.




Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 341), sumber data anu paling sering dipaké dina panalungtikan kualitatif nyaéta téks anu sipatna naratif. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta carita *Lutung Leutik* karya Ki Umbara jeung *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi anu kaasup kana téks naratif.

3.2.1 Idéntitas Carita Lutung Leutik




Gambar 3.1

Carita Lutung Leutik

Judul	: Lutung Leutik
Pangarang	: Ki Umbara
Kandel	: 72 kaca
Taun	: Citakan ka-1, 2016
Gambar	: Jajaka jeung wanoja di parigi

3.2.2 Idéntitas Carita Purba Sari Ayu Wangi



Gambar 3.2

Carita Purba Sari Ayu Wangi

Judul	: Purba Sari Ayu Wangi
Pangarang	: Ajip Rosidi
Kandel	: 377 kaca
Taun	: Citakan ka-4, 2008
Gambar	: Wanoja jeung lutung

3.2.3 Biografi Singget Pangarang

1) Ki Umbara

Ki Umbara sandiasmana ti H. Wiredja Ranusulaksana lahir di Kuningan, 10 Juli 1914. Ki Umbara tamatan *Normal School* Serang taun 1933 jeung *SGA* taun 1954. Mimitina ngajar di SD tuluy jadi kepala SMP Muslimin III Bandung nepi ka pangsiunna dina taun 1971.

Ki Umbara mangrupa pangarang Sunda anu dianggap “ahli jurig” ku sabab réa karanganana anu nyaritakeun siluman-siluman, sanajan anjeunna ogé réa nyaritakeun nukilan tina tariah Islam. Munggaran nulis téh nalika sakola kénéh di Serang, geus aya nu dimuat dina majalah *Parahiangan*, *Timbangan*, jeung *Sipatahoenan*.

Ki Umbara kungsi narima Hadiah Rancagé dina taun 1991 pikeun jasa dina makayakeun sastra Sunda. Sakapeung ogé sok nulis carita bacaeun barudak dina basa Indonésia. Kungsi jadi redaktur majalah *Manglé* (1963) jeung *Pélét* (1965-1967). Sababaraha karyana nu geus dibukukeun di antarana saperti *Diwadalkeun ka Siluman* (1965), *Teu Tulus Paéh Nundutan* (1966), *Pahlawan-pahlawan ti Pasantrén* (1966), *Maju Jurang Mundur Jungkrang* (1967), *Si Bedog Panjang* (1968), jeung *Lamsijan Kaédanan* (1983).

2) Ajip Rosidi

Ajip Rosidi, saurang budayawan sarta sastrawan nu lahir di Majalengka, 31 Januari 1938. Ajip Rosidi tamatan Sakola Rakyat Jatiwangi (1950), SMPN 8 Jakarta (1953), jeung Taman Madya, Taman Siswa Jakarta (1956). Sanajan teu tamat SMA, Ajip Rosidi dipercaya jadi dosén di paguron luhur di Indonésia (1967), ogé ngajar di Jepang. Tanggal 31 Januari 2011, anjeunna

nyangking gelar Doktor honoris causa widang élmu budaya ti Fakultas Sastra Universitas Padjajaran.

Ajip Rosidi aktif nulis ti rumaja kénéh, umur 15 taun geus jadi pamingpin rumpaka majalah Suluh Pelajar (1953-1955), sarta satuluyna ngaluluguan sababaraha lembaga sastra, seni, pérs, jeung budaya. Anjeunna ngadegkeun Yayasan Pusat Studi Sunda dina taun 2003, nu ngulik kabudayaan Sunda, sarta ngadegkeun ogé Yayasan Kabudayaan Rancagé nu ngabobotohan tumuwuhna sastra lokal. Kungsi ngajar basa jeung kabudayaan Indonésia di Osaka Gaikokugo Daigaku (1981-2003), sagigireun ngajar ogé di Kyoto Sangyo Daigaku (1982-1996) jeung Tenri Daigaku (1982-1995), Jepang. Ajip Rosidi naratas dilembagakeunana Hadiah Sastra Rancagé ti taun 1989, sarta mokalan lumangsungna Konferénsi Internasional Budaya Sunda (KIBS) 2001 di Bandung.

Ajip Rosidi mimiti nulis karya kréatifna dina basa Indonésia. Karya sastrana diumumkeun dina taun 1952 dina sababaraha majalah saperti *Mimbar Indonesia*, *Gelombang/Siasat*, *Zenith*, *Kisah*, jeung sajabana. Buku anu mimiti diterbitkeun taun 1955 nyaéta *Tahun-tahun Kematian*. Satuluyna terbit kumpulan sajak, kumpulan carpon, roman, drama, kumpulan essay jeung kritik, hasil panalungtikan, jeung sajabana. Boh dina basa Indonésia boh dina basa Sunda, jumlah karyana mangratus judul. Loba ogé karyana anu ditarjamahkeun kana basa deungeun di antarana basa Walanda, Cina, Inggris, Jepang, Perancis, Kroatia, Rusia, jeung réa-réa deui.

Aya sababaraha pangajén anu pernah ditarima ku Ajip Rosidi, di antarana:

- 1) *Hadiah Sastra Nasional* (1957) jeung 1957-1958 pikeun prosa (1960).
- 2) *Hadiah Seni* ti Pamaréntah RI (1993).
- 3) *Kun Santo Zui Ho Sho* ("Béntang Jasa Khazanah Suci, Sinar Emas jeung Selempang Beuheung") ti pamaréntah Jepang minangka panghargaan ku jasa-jasana anu dianggap kacida mangpaatna pikeun hubungan Indonésia-Jepang (1999).
- 4) *Anugerah Hamengku Buwono IX* 2008 pikeun sumbangan positipna ka masarakat Indonésia di widang sastra jeung budaya.

3.3 Téhnik Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, aya dua téhnik anu digunakeun nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Tahapan mimiti dina ieu panalungtikan nyaéta kagiatan ngumpulkeun data. Panalungtik kudu nyaho kana téhnik-téhnik ngumpulkeun data, sangkan data anu dikumpulkeun saluyu jeung standar data anu geus ditangtukeun (Sugiyono, 2015, kc. 308). Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nyaéta talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka dipaké pikeun ngumpulkeun data ku cara maca, niténan, sarta nalaah sumber data nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data anu dilakonan ku panalungtik nya éta:

- 1) Maca carita *Lutung Leutik* karya Ki Umbara;
- 2) maca carita *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi;
- 3) maca artikel, buku, jeung jurnal-jurnal ngeunaan strukturalisme jeung sastra bandingan.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data dikumpulkeun, léngkah saterusna nyaéta ngolah data. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) Maca jeung maham kana carita *Lutung Leutik* Karya Ki Umbara jeung *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi;
- 2) mariksa deui data nu geus dikumpulkeun di antarana sumber data jeung sumber pangrojong lianna;
- 3) nganalisis eusi carita *Lutung Leutik* Karya Ki Umbara jeung *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi dumasar kana struktur jeung sastra bandingan;
- 4) ngadéskripsikeun babandingan struktur carita jeung motif indéks anu geus dipaluruh tina carita *Lutung Leutik* Karya Ki Umbara jeung *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi;
- 5) nyieun kacindekan tina data anu geus dianalisis.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 305), dua hal utama anu mangaruhan kana kualitas hasil panalungtikan nyaéta kualitas instrumén panalungtikan jeung kualitas dina ngumpulkeun data. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tabél data jeung cutatan carita ngagunakeun kode data. Sakabéh data struktural dina carita *Lutung Leutik* jeung *Purba Sari Ayu Wangi* disalin kana tabél data. Anu tuluy di pedar ngagunakeun cutatan jeung kode datana. Masing-masing idéntitas nuduhkeun judul carita, kaca, jeung posisi téksna anu satuluyna dipaluruh deui motif indéksna.

1) Tabél Analisis Téma

Tabél 3.1
Analisis Téma

No	Téma	Cutatan Carita	Kode Data (LL/T/K/P)
1.			

Keterangan:

- (1) Kode (LL/PSAW) : (Lutung Leutik /Purba Sari Ayu Wangi)
- (2) Kode T : Téma
- (3) Kode K : Kaca
- (4) Kode P : Paragraf

2) Tabél Analisis Struktur Fakta Carita

Tabél 3.2
Analisis Galur

No	Épisod	Adegan	Kode Data (LL/G/K/P)
1.			

Keterangan:

- (1) Kode (LL/PSAW) : (Lutung Leutik /Purba Sari Ayu Wangi)
- (2) Kode G : Galur
- (3) Kode K : Kaca
- (4) Kode P : Paragraf

Tabél 3.3
Analisis Latar

No	Latar	Cutatan Carita	Kode Data (LL/L/K/Pr)
1.	Latar Tempat		
2.	Latar Waktu		
3.	Latar Sosial		
4.	Latar Budaya		

Katerangan:

- (1) Kode (LL/PSAW) : (Lutung Leutik /Purba Sari Ayu Wangi)
 (2) Kode L(LT/LW/LS/LB) : Latar (Latar Tempat/Latar Waktu/Latar Sosial/Latar Budaya)
 (3) Kode K : Kaca
 (4) Kode P : Paragraf

Tabél 3.4
Analisis Palaku

No	Palaku				
	Ngaran	Analisis	Utama	Tambahan	Kode Data (LL/P/K/Pr)
1.		<i>Physical description</i>			
		<i>Portrayal of thought stream or concions thought</i>			
		<i>Reactions to evens</i>			
		<i>Direct author analysis</i>			
		<i>Discussion of environment</i>			
		<i>Reaction of others to character</i>			
		<i>Conversation of other about character</i>			

Keterangan:

- (1) Kode (LL/PSAW) : (Lutung Leutik/Purba Sari Ayu Wangi)
 (2) Kode P : Palaku
 (3) Kode K : Kaca
 (4) Kode P : Paragraf

3) Analisis Sastra Bandingan**Tabél 3.5****Analisis Sastra Bandingan**

No	Struktur Carita	Déskripsi Babandingan	
		LL	PSAW
1.	Téma		
2.	Galur		
3.	Latar		
4.	Palaku		

4) Analisis Motif Indéks**Tabél 3.6****Analisis Motif Indéks**

No	Motif Indéks	Kode Motif Indéks (MI/K/P)	Déskripsi Motif Indéks	
			LL	PSAW
1.				

Keterangan:

- (1) Kode LL : Lutung Leutik
 (2) Kode PSAW : Purba Sari Ayu Wangi
 (3) Kode MI : Motif Indéks
 (4) Kode K : Kaca
 (5) Kode P : Paragraf